| Time | Narration |
|---|---|
| 00:01 | 'Introduction to Gmail' क स्पोकन ट्यूटोरियलमे अहाँक स्वागत अछि। |
| 00:06 | अइ ट्यूटोरियलमे हम सब सीखब-- |
| 00:09 | न'ब 'गूगल' अकाउंट बनाएब। |
| 00:12 | 'गूगल' अकाउंटक प्रयोग द्वारा 'gmail' लॉगिन करब। |
| 00:16 | 'ईमेल' लिखब। |
| 00:18 | 'ईमेल' पठाएब। |
| 00:20 | 'ईमेल' देखब। |
| 00:22 | आ 'जीमेल' सँ 'लॉगआउट' हएब। |
| 00:24 | हम 'इनबॉक्स (Inbox)' सनक किछु महत्वपूर्ण मेलबॉक्सक मादे सेहो सीखब। |
| 00:30 | अइ ट्यूटोरियल लेल, अहाँकें प्रयोजन हैत—एकटा वर्किंग 'इंटरनेट' कनेक्शनक |
| 00:35 | आ एकटा 'वेब ब्राउज़र'क। |
| 00:37 | उदाहरण लेल, हम 'फायरफॉक्स वेब ब्राउज़र'क प्रयोग करब। |
| 00:42 | हालहिमे, 'गूगल' अपन समस्त उत्पाद लेल एकटा सिंगल अकाउंट प्रदान केलक अछि; जेना कि |
| 00:48 | 'Gmail' (जीमेल) |
| 00:49 | 'YouTube' (यू ट्यूब) |
| 00:50 | 'Google Play' (गूगल प्ले) |
| 00:51 | 'Google Docs/Drive' (गूगल डॉक्स अथवा ड्राइव) |
| 00:53 | 'Google Calendar' (गूगल कैलेंडर) एवं अन्य। |
| 00:57 | तें, एकहि लॉगिनसँ, अहाँ अइमे सँ ककरहु ऑपरेट क' सकै छी। |
| 01:02 | आब एकटा न'ब 'गूगल' अकाउंट बनाएब शुरुह करी। |
| 01:06 | अपन वेब ब्रॉउज़र खोलू और टाइप करू http colon slash slash gmail dot com (http://gmail.com) |
| 01:16 | अइसँ हम आइ पेज पर जाएब, जतए ऊपर दहिना दिश दू टा विकल्प देखाएत-- |
| 01:22 | 'Create an account' आ 'Sign in' |
| 01:25 | एना तखन हैत, जखन अपन मशीनसँ अहाँ पहिल बेर एहन प्रयास करब। |
| 01:32 | जँ ई पेज अहाँक मशीनसँ पहिनहुँ एक्सेस भ' चुकल अछि , त' पेजमे देखएत-- |
| 01:39 | अहाँक 'email यूज़रनेम' आ 'पासवर्ड ' प्रविष्ट करबाक विकल्प। |
| 01:46 | एकटा पैघ बटन जे 'Sign In' कर' लेल कहत-- |
| 01:50 | तकर नीचाँ, अहाँ एकटा लिंक देखब 'Create an account' |
| 01:55 | ओइ 'Create an account' लिंक पर क्लिक करू। |
| 01:59 | आब हमसब 'Google Account' क्रिएशन पेज पर छी। |

| | |
|---|---|
| 02:03 | दहिना दिश एकटा फॉर्म देखाएत, जाहिमे अपन अकाउंट सम्बन्धी आ व्यक्तिगत विवरण भरबाक अछि। |
| 02:11 | आब सम्बन्धित टेक्स्ट बॉक्से सभमे अपन प्रथम आ अन्तिम नाम भरबाक अछि। |
| 02:17 | हम अपन नाम 'Rebecca Raymond' प्रविष्ट करब। |
| 02:23 | आगू, 'Username (यूज़रनेम)' चुनबाक अछि। |
| 02:27 | 'यूज़रनेम' अद्वितीय हेबाक चाही, आ अक्षर अथवा अल्फा-न्यूमेरिक संयोजनसँ बनाओल जेबाक चाही। |
| 02:37 | 'Username (यूज़रनेम)'मे 'becky0808' भरै छी। |
| 02:43 | जँ ई 'यूज़रनेम' पहिनहि किओ भरि चुकल अछि , त' ओतए देखाएत-- |
| 02:49 | ई यूज़रनेम पहिनहिसँ किनकहु अछि , अहाँ दोसर प्रयास करू। |
| 02:54 | हमरा लोकनि द्वारा भरल प्रथम आ अन्तिम नाम'क आधार पर 'गूगल' किछु 'यूसरनेम्स' सुझाएत। |
| 03:01 | हम कोनो मनपसंद यूज़रनेम द' कए ओकर उपलब्धता जाँचि सकै छी। |
| 03:07 | आब हम 'यूज़रनेम'मे 'ray.becky.0808' प्रविष्ट करी |
| 03:18 | स्वीकार्य भेला पर ओतए देखएत--'यूज़रनेम' उपलब्ध अछि। |
| 03:24 | आब अइ अकाउंट लेल हमरा 'पासवर्ड' बनेबाक अछि। |
| 03:30 | बाम भाग'क इनफॉर्मेशन बॉक्ससँ पता चलत जे पासवर्ड कते टा हेबाक चाही। |
| 03:36 | अपना पसिनसँ एकटा उचित 'Password (पासवर्ड)' टाइप करू। |
| 03:41 | फेर 'पासवर्ड' कन्फर्म कर' लेल ओकरा दोबारा टाइप करू। |
| 03:44 | तकर बाद 'Birthday' पर आउ। |
| 03:48 | ड्राप-डाउनसँ महीना चुनू। |
| 03:51 | फेर सम्बन्धित टेक्स्ट बॉक्सेसमे दिन और वर्ष टाइप करू। |
| 03:57 | आब अपन जेण्डर चुनू। |
| 04:00 | हम 'मेल' चुनि रहल छी। |
| 04:03 | अगिला क्षेत्र 'Mobile phone (मोबाइल फ़ोन)' थिक। |
| 04:06 | तत्काल एकरा छोड़ि दै छी। |
| 04:08 | एकर बाद, एकटा टेक्स्ट बॉक्सअछि; जे 'current' अर्थात् मौजूदा email address' पूछैत अछि। |
| 04:14 | जे एखन अहाँ बना रहल छी; तकर अलावा जँ अहाँक कोनो अन्य 'ईमेल एड्रेस' अछि , त' एतए से टाइप करू। |
| 04:21 | जँ कोनो आन मेल आईडी नइँ अछि त' एकरा खाली छोड़ि दी। |
| 04:23 | आब शेष विवरण देखै छी। |
| 04:26 | अगिला खण्डमे 'Prove you're not a robot' दू गोट सत्यापन अछि। |
| 04:32 | फ़ोन वेरिफ़िकेशन |

| | |
|---|---|
| 04:34 | आ पज़ल वेरिफ़िकेशन |
| 04:36 | हम सब अइ दुनू विकल्पमे सँ कोनो एक के संगें आगू बढ़ि सकै छी। |
| 04:40 | हम 'पज़ल वेरिफ़िकेशन' संगें आगू बढ़ब। |
| 04:43 | Type the text टेक्स्टबॉक्समे इमेजमे देखाओल टेक्स्ट अथवा संख्या टाइप करू। |
| 04:49 | 'Location' ड्राप-डाउनमे, डिफ़ॉल्ट रूपसँ अहाँक देश देखाओल गेल अछि। |
| 04:55 | हम 'इंडिया'मे रहै छी, तें हमर 'लोकेशन' ड्राप डाउनमे 'India' देखाइत अछि। |
| 05:02 | अन्तमे, 'I Agree to the Google Terms and Privacy Policy' चेक बॉक्समे टिक करै लेल क्लिक करू। |
| 05:10 | फॉर्ममे अपेक्षित स'ब जानकारी भरि देलाक बाद, 'Next Step' बटन पर क्लिक करबाक अछि। |
| 05:17 | मुदा एखन हम से नइँ करब। |
| 05:20 | आब देखी जे 'फ़ोन वेरीफिकेशन' चुनला पर की होइत अछि। |
| 05:25 | Phone Verification may be required विकल्पमे Skip this verification चेक बॉक्स पर क्लिक करू। |
| 05:32 | लोकेशनमे 'India (भारत)' क्लिक करू। |
| 05:35 | फेर 'I Agree to the Google Terms and Privacy Policy' चेक बॉक्समे क्लिक करू। |
| 05:41 | आ अन्तमे, 'Next Step' पर क्लिक करू। |
| 05:45 | ई 'फ़ोन वेरिफिकेशन' पेज पर ल' जाएत। |
| 05:50 | ड्राप-डाउनसँ देशक झण्डा चुनू, हम 'इंडिया' चुनि रहल छी। |
| 05:55 | देल गेल टेक्स्ट बॉक्समे अपन मोबाइल नंबर भरू। |
| 06:00 | 'Text messageमे SMS विकल्प चुनू। ई स्वयमेव डिफ़ॉल्ट रूपें चुना जाएत। |
| 06:07 | फेर 'Continue' बटन पर क्लिक करू। |
| 06:10 | अहाँक फ़ोन पर एक 'SMS' आबि जाएत। |
| 06:13 | अइसँ अहाँ वेरिफिकेशन'क अगिला भागमे पहुँचि जाएब। |
| 06:17 | आब SMS द्वारा 'गूगल'सँ प्राप्त वेरिफिकेशन कोड देल गेल टेक्स्ट बॉक्समे टाइप करू। |
| 06:24 | Continue पर क्लिक करू। |
| 06:27 | आब हम 'Create your public Google+ profile' पेज पर छी। |
| 06:32 | एतए अहाँ अपना नाम देखि सकै छी। |
| 06:35 | एकर नीचाँ एतए 'Add a photo' विकल्प अछि। |
| 06:39 | अपन 'गूगल प्रोफाइल' पर फोटो जोड़ै लेल अहाँ अइ पर क्लिक क' सकै छी। |
| 06:44 | एतए 'Create your profile' नामक एकटा बटन अछि। |
| 06:48 | थोड़े काल लेल, हम अइ स्टेप सबकें छोड़ि रहल छी। |

| | |
|---|---|
| 06:51 | एकर बदला अपन 'ईमेल अकाउंट' कें आगू बढ़बै लेल हम 'No Thanks' बटन पर क्लिक करब। |
| 06:58 | आब, हम 'वेलकम' पेज पर छी। |
| 07:02 | हमरा देखाइत अछि 'Welcome, Rebecca' |
| 07:06 | हमर नया 'ईमेल एड्रेस' 'ray.becky.0808@gmail.com' सेहो देखाइत अछि। |
| 07:16 | आब, 'Continue to Gmail' बटन पर क्लिक करू। |
| 07:22 | एतए अहाँक मेल अकाउंट लोड हएब शुरुह हैत। |
| 07:24 | अहाँक इंटरनेटक स्पीडक आधार पर ई किछु समय ल' सकैत अछि। |
| 07:28 | जँ हमरा सभक इंटरनेट सुस्त अछि , त' हम 'Load basic HTML' पर क्लिक क' सकै छी। |
| 07:33 | ई दहिना कात नीचाँमे उपलब्ध अछि। |
| 07:37 | ई बिना कोनो ग्राफिकल प्रदर्शन के 'जीमेल' लोड करत। |
| 07:41 | स्क्रीन पर किछु इन्फॉर्मेशन बॉक्से सब देखाएत। |
| 07:46 | ओकरा पढ़ू अथवा 'Next' बटन पर क्लिक करैत आगू देखू आ फेर ओकरा बंद करू। |
| 07:53 | ई अहाँक 'जीमेल' अकाउंटक 'स्टैण्डर्ड व्यू' थिक। |
| 07:58 | मध्य डिस्प्ले क्षेत्र, जतए हम अपन सबटा मेल्स देख सकै छी-- |
| 08:04 | ध्यान राखी जे एतए तीन टा टैब्स अछि। तकरा मादे हम विस्तारसँ आगूक ट्यूटोरियल्समे सीखब। |
| 08:12 | बामा दिश, हम किछु मेन्यू आइटम्स देख सकै छी। |
| 08:16 | एतए 'Inbox, Starred, Sent Mail, Drafts' आ 'जीमेल'क किछु आओर मुख्य मेलबॉक्से अछि। |
| 08:29 | डिफ़ॉल्ट रूपें, 'Inbox' क्लिक कएल रहैत अछि आ एकर सामग्री डिस्प्ले क्षेत्रमे प्रदर्शित रहैत अछि। |
| 08:36 | ध्यान रहए जे 'Inbox' लग ब्रैकेट्मे नंबर 3 अछि। |
| 08:41 | ई अहाँक आईडीमे आएल न'ब मेल'क संख्या थिक। |
| 08:46 | जखन कखनहुँ हम न'ब 'गूगल' अकाउंट बनबै छी, त' हमरा 'गूगल टीम' दिशसँ किछु मेल अबैत अछि। |
| 08:52 | 'जीमेल'क सुविधा सम्बन्धी अधिक जानकारी लेल अहाँ ओकरा पढ़ि सकै छी। |
| 08:58 | आब, सीखी जे ईमेल कोना लिखल जाए। |
| 09:02 | बामा कातक 'COMPOSE' बटन पर क्लिक करू। |
| 09:06 | 'New Message' नामसँ एकटा विंडो खुजत। |
| 09:10 | अइमे चारि टा खण्ड होइत अछि। |
| 09:13 | 'To' मे हम ओइ व्यक्तिक ईमेल एड्रेस टाइप करब जिनका हम मेल पठब' चाहै छी। |
| 09:21 | एतए हम ओएह ईमेल-id टाइप करब जे हम एखन बनौने छी, अर्थात् ray.becky.0808@gmail.com |
| 09:35 | एकर अर्थ भेल जे हम स्वयंकें मेल पठा रहल छी। |
| 09:39 | अगिला खण्ड 'Subject' थिक। |

| | |
|---|---|
| 09:42 | एतए हम मेल'क विषय संक्षेपमे टाइप क' सकै छी। |
| 09:46 | जेना 'Welcome mail' |
| 09:50 | आगू कंटेंट, अर्थात् यानी विषय वस्तु क्षेत्र अछि। |
| 09:53 | एतए हमरा ओ बात टाइप करबाक अछि, जे हम पठब' चाहै छी। |
| 09:57 | आब टाइप करै छी, 'Greetings to all from the Spoken Tutorial Project' |
| 10:03 | आखिरी खण्डमे, नील रंग'क 'Send' बटन अछि। |
| 10:08 | ईमेल पठेबा लेल अइ पर क्लिक करू। |
| 10:11 | ध्यान राखी जे आब इनबॉक्समे प्राप्त मेलक संख्या 4 भ' जाएत। |
| 10:16 | कोनो खास मेलकें पढ़' लेल, ओइ पर क्लिक करू। |
| 10:20 | एतए ओ मेल अछि जे एखन हम स्वयं पठौने छी। |
| 10:23 | आब एकरा देखै छी। |
| 10:26 | 'Show Details' एरो पर क्लिक करू। |
| 10:29 | एतए मेल पठौनिहार आ प्राप्त केनिहार'क ईमेल एड्रेस देखाएत। |
| 10:34 | एतए ओ तिथि आ समय सेहो देखाएत जखन ईमेल पठाओल गेल अछि। |
| 10:39 | एतए ईमेलक सब्जेक्ट लाइन अछि। |
| 10:43 | आ ईमेलक विषय सेहो अछि। |
| 10:47 | आब, देखब जे इनबॉक्समे बिन पढ़ल मेल'क संख्या 3 अछि। |
| 10:54 | आब सीखी जे 'Gmail' सँ साइन आउट कोना होइ। |
| 10:58 | ऊपर दहिना दिश, अहाँकें अपन 'ईमेल-id' देखाएत। |
| 11:03 | जँ अकाउंट बनबै काल अहाँ अपन फोटो अपलोड केने हएब, त' एतए ओहो देखाएत। |
| 11:08 | अइ पर क्लिक करू। |
| 11:10 | एतए 'Sign Out' बटन देखाएत। साइन आउट कर' लेल ओइ पर क्लिक करू। |
| 11:17 | अहाँ 'Gmail' सँ सफलतापूर्वक साइन आउट भ' गेल छी। |
| 11:21 | आब अहाँ अइ ट्यूटोरियलक अन्तमे आबि गेल छी। |
| 11:25 | संक्षेपमे कही त' हम सब सिखलहुँ-- |
| 11:28 | न'ब 'गूगल' अकाउंट बनाएब। |
| 11:31 | 'गूगल अकाउंट'क प्रयोग करैत 'gmail' मे लॉगिन करब। |
| 11:34 | 'ईमेल' लीखब। |
| 11:36 | 'ईमेल' पठाएब। |
| 11:37 | 'ईमेल' देखब। |
| 11:39 | आ 'जीमेल' सँ लॉगआउट हएब। |

| | |
|---|---|
| 11:41 | देल गेल लिंक पर उपलब्ध वीडिओ स्पोकन ट्यूटोरियल प्रोजेक्ट'क सारांश थिक। |
| 11:45 | कृपपूर्वक एकरा डाउनलोड क' कए देखू। |
| 11:49 | अइ संचालित कार्यशालामे ऑनलाइन टेस्ट पास केनिहार प्रतिभागीकें प्रमाणपत्र देल जाइत अछि। |
| 11:55 | अधिक जानकारी लेल, कृपया सम्पर्क करी। |
| 11:58 | स्पोकन ट्यूटोरियल प्रोजेक्ट भारत सरकारक, एम एच आर डी'क NMEICT द्वारा समर्थित अछि। |
| 12:05 | अइ मिशन पर अधिक जानकारी अइ लिंक पर उपलब्ध है। |
| 12:10 | अनुवादक प्रतिमा कुमारी एवं कुमारी सीमा संग देवशंकर नवीन आ उज्ज्वल आलोक अहाँसबसँ विदा लैत अछि। हमरा सब संग जुड़ल रहबा लेल धन्यवाद। |